

**TATA PANGIBADAH MINGGU KAPING PITU PASKAH**  
**17 MEI 2026 – Ambal Warsa GKJ Ambarrukma Kaping 62**  
**Gedung Induk Papringan, jam 08.00 WIB**

(Warni Liturgis: Pethak, Stola/Logo/Simbol : Kembang Lily)

1. **Pacawisan** : Imam mimpin pandonga ing konsistori.

***Sakderengipun pangibadah, Liturgos nyumet 1 (satunggal) lilin pethak ibadah.***

2. **Liturgos** :

**Liturgos** : “Pasamuwan kinasih kagunganipun Gusti Yesus Kristus, Pradataning Pasamuwan GKJ Ambarrukma ngaturaken sugeng rawuh, sugeng enjang, lan sugeng pepanggihan malih wonten ing pangibadah **Minggu, Pitulas Mei Kalih Ewu Nemlikur** (17 Mei 2026).

Sumangga kita sami atur uluk salam namaste utawi kanthi jawat asta kagem pasamuwan ing sakiwa tengen, ngajeng, saha wingking panjenengan. Berkah kabingahan, karaharjan, saha tentrem rahayu tansah nyarengi kita sami.

Kula nyuwun kawigatosanipun sawetawis, awit wontenipun pawartos Minggu menika, ingkang badhé kula aturaken sapérangan (*maosaken pawartos*).

Jangkeping pawartos saged kawaos lumantar pawartos *online* ingkang saged dipun undhuh mawi *QR code* ingkang sampun kacawisaken wonten ing layar monitor, punapa ingkang sampun kacawisaken wonten grup Whatsapp, menapa déné lumantar iber-iber cetak ingkang kacawisaken wonten ing kori greja.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi dening Gusti, ing Minggu Paskah Kapitu menika, kanthi raos syukur kebak pamuji saha suka bingah awit ing wekdal menika, GKJ Ambarrukma sampun jangkep suwidak kalih (62) tahun ing satengahing peladosan kagem Gusti lan sesami. Sumangga kita sami tansah manunggal dhumateng Allah ing pandonga, satemah pasamuwan ugi tansah nggadhahi kekiyatan dados paseksinipun Gusti. Pramila sesarengan kita nggegilut sabdanipun Gusti kanthi irah-irahan **“Katunggilaken ing Pandonga, Kabereg ing Wisesa-Nya”** badhe kaladosaken dening Ibu Pdt. Nugraheni Siwi Rumanti.

Sumangga kita puji asmanipun Gusti kanthi repening kidung pambuka **“Pasamuwan Nyawiji” (Ladrang Laras Pelog Pathet Barang) ..... kairing dening karawitan Kalvari Adi.....pasamuwan kasuwun jumeneng**

- (1) Pasamuwan kang nyawiji netepi sabdaning Gusti,  
Dadya paseksi nyata Yesus yeku Sang Pamarta,  
Sih rahmating Allah tumrah mring gung manungsa,  
Sumrambah salir tyang kang pracaya, basuki gesangira.

- (2) Pindha badan mung sajuga nging kathah peranganira,  
Pasamuwan kang manunggal mbabarken gesang kang enggal,  
Sami dene mbiyantoni wit sih-sinihan sayekti,  
Tunggal ati tunggal Gusti, nengsemken mring sesami.

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkhotbah lumebet dhumateng altar, Imam ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkhotbah, sakderengipun Pengkhotbah mapan dhateng mimbar)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan:** (Pasamuwan Jumeneng)

**Pandhita : (iringan gremengan Gender)**

7 7 7 7 7 7 7 7 7 567 ’

Pi – tu – lung- an ka – ta pu – ni – ka,

6 7 2̇ 2̇3̇ 2̇.3̇2̇.7 ‘ 67 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇

Pi – nang-ka - ni - pun sa – king sa-wab ber- kah-ing

2̇3̇ 2̇ 3̇2̇ 7.6565 ‘ 35 5 5 5 5 5 5 6 7

Al – lah Ra - ma, ing-kang ni-tah- a- ken la- ngit lan

2̇3̇ 3̇ ‘ 7 65 5 5 6 72̇3̇ 3̇ 3̇ 3̇

bu – mi, sih rah - mat lan ten - trem rah – ha - yu

7 2̇ 3̇ 3̇ ‘ 7 2̇ 3̇ 3̇ 7 6 6 6

sa – king Al- lah, Ra - ma ki - ta, tu– win Gus - ti

7 5 565 3.2

Ye – sus Kris - tus

23 5 6 6 6 6 6 6 6 7 5 65 3.2

mu – gi won- ten - na ing pan - je – neng- an sa – da – ya

**Sadaya : Buka Demung: 7 6**

. . 7 6 . . 6 7 5 . 5 6 5 3 (2)  
A – min A - min A - min.

(Liturgos: Pasamuwan kula aturi lenggah.....)

4. **Sabda Introitus**

**Lektor : kacawisaken kanthi Geguritan "Pasamuwan Nyawiji"**

5. **Liturgos :** “Pasamuwan ing tetunggalinipun Gusti Yesus. Gusti Allah sampun nambahaken wekdal tumrap kemajengan padalemanipun, GKJ Ambarrukma menika. Kita sami warganing pasamuwan tansah manunggal dhumateng Allah ing pandonga, satemah pasamuwan ugi tansah nggadhahi kakiyatan dados paseksinipun Gusti. Gusti tansah nyarengi kita sami saget tuwuh ngrembaka lan ngasilaken woh kagem kamulyanipun ing satengahing bumi menika.

Sesarengan kita repenaken kidung pepujen, **“Pinujia Sang Kristus” (Lancaran Laras Pelog Pathet Lima)**

- (1) Pinujia Sang Kristus, pinujia Asmane  
Luhur, mulya ing ngaluhur  
Pinujia Asmane, langgeng salaminya.
- (2) Pinuji Gusti Yesus, pinuji salaminya  
Luhur, mulya ing ngaluhur  
Mbirat dosa umat-E, puji salaminya.

**6. Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan (Mulad Sarira) : Kolose 3 : 13 - 14**

*“Padha sabar-sinabarana kayadene Gusti Allah anggone wus ngapura kowe, kowe iya tumindaka mangkono uga. Lan kang ngungkuli sakabehe iku: nindakna katresnan, iku kang ngesuhi lan nyampurnakake.”*

**7. Pacawisan Pamratobat**

**Imam :** “Pasamuwan kagunganipun Gusti. Gusti Allah Sang Rama paring pitedah Gusti Allah sampun paring pangapunten tumrap sakathah ing dosa kita lan kita sami kadhawuhan nindakaken katresnan.

Pramila sumangga sesarengan kita badhe nyawisaken manah, murwakani pandonga pamratobat, kanthi memuji **“Amung Godhong” (Ladrang Laras Pelog Pathet Barang)**

- (1) Amung godhong Gusti nganti muwun yektine,  
Amung godhong datan ana wohe,  
Adhuh lae cilaka kang gedhe yektine,  
Yen ngelantur ngakokke githokke,  
Kabeh gya linebur apindha sulung mlebu geni,  
Datan ngukup nganti salawase,  
Nyawamu lan jiwamu pinegat saking Gusti.
- (2) Amung godhong Gusti nganti muwun yektine,  
Amung godhong datan ana wohe,  
Adhuh lae payo gegancangan yektine,  
Mumpung taksih pinaringan wektu,  
Mratobata aglispra kadang rikat den aagupuh,  
Gusti taksih ngrantos pisowanmu,,  
Atimu kaduwungmu pasrahmu marang Gusti.

**8. Pandonga Pamratobat**

**Imam :** “Pasamuwan ingkang sampun dipun tunggil ing padalemanipun Gusti, sesarengan kita aturaken pandonga pamratobat, kita ndedonga:

“Puji panuwun sokur kawula aturaken ing ngarsa Paduka Gusti. Awit berkah sih kamulyan saha kamirahan Paduka tansah kababar ing gesang kawula saben dinten. Katitik, Paduka tansah nganthi lan nyarengi GKJ Ambarrukma ingkang sampun lumebet ing yuswa suwidak kalih (62) tahun anggenipun tuwuh ngrembaka dados paseksi kagem Paduka.

Ing pangibadah wekdal menika, Gusti, kawula pasamuwan GKJ Ambarrukma kagungan Paduka, estu ngakeni saha nelangsani awit sakathahing dosa kawula. Kawula sami keparenga ngungsi ing Paduka. Kawula nyuwun piwelas saha kamirahan saking Paduka mbirat sedaya dosa kawula. Nyuwun panganthi saha pepadhang ing Roh Suci nuntun lampah gesang kawula. Keparenga kawula sami tansah angantya Paduka supados kawula saget mbabar pakaryan Paduka dados paseksi Paduka ing bumi peparing Paduka menika. Kawula saget nglajengaken gesang lan netepi dhawuh timbalan Paduka kadosdene Paduka tansah nyarengi GKJ Ambarrukma ngantos kawula sami saget ngancik ing yuswa suwidak kalih (62) taun menika.

Linambaran sih katresnan saha rah kurbanipun Gusti Yesus Kristus ingkang seda sinalib Juruning wilujeng sejatos, kawula ndedonga. Amin.”

#### 9. **Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : Lelakone Para Rasul 2 : 44a**

*“Sarta wong kang pracaya kabeh padha lestari manunggal,”*

#### **Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : 1 Korinta 1 : 10**

*“Ewadene kowe padha dakpituduri, para sadulur, marga saka Asmane Gusti kita Yesus Kristus, kowe kabeh dipadha saiyeg sarta aja nganti ana pasulayan ing antaramu; nanging kowe padha raket-rukuna, tunggal budi sarta tunggal pangrasa.”*

#### 10. **Kidung Kasanggeman**

**Liturgos :** “Pasamuwan kagunanipun Gusti. Gusti Allah kita sampun nunggilaken ing Sang Kristus supados kita sami tansah rumaket lan rukun nunggil ing budi saha pangarsa.

Sumangga sesarengan kita ugemi pangandikanipun Gusti lumantar pepujen kidung **“Margi Rahayu” (Ketawang Laras Pelog Pathet Nem) ..... pasamuwan kula aturi jumeneng**

- |                           |                             |
|---------------------------|-----------------------------|
| (1) Rahayu wong wedi asih | (2) Omahe wong kang pracaya |
| Mring Yehuwah Allahe      | Kanggonan kaluberan         |
| Kasengsem mring pepakone  | Jujure atine tulus          |
| Turune wong kang jujur    | Tumekeng kalanggengan       |
| Kanggep ana ing tanah     | Samangsa kapetengan         |
| Wis mesthi oleh berkah.   | Mesthi oleh pepadhang.      |

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

#### 11. **Wedharing Sabdanipun Gusti**

(*Pasamuwan Lenggah*)

**a) Pandhita : Pandonga Epiklese**

## b) Ngrepenakan Pepujen Tema Mangsa Paska

Kagem nyuraosi Paska, kita badhe sesarengan memuji pepujen Tema Paska taun menika ing saben wekdal pangibadah kanthi irah-irahan “**Yesus Bangkit**”. Pepujen menika anggitanipun (gubahan) Ibu Shaly Theedens lan Bapak Vikaris Andreas Kristianto.

- (1) Burung kecil hinggap di batu  
Batu terguling, kubur terbuka  
Yesus bangkit kalahkan maut  
Kasih menang hidup berseri
- Refr:*  
Yesus bangkit, dunia bersukacita  
Burung bernyanyi bunga bermekaran  
Tanah laut dan langitpun berkata:  
Tuhan membuatNya semuanya baru.
- (2) Yesus bangkit kita bersuka kini t'lah ada hidup yang baru  
Dalam Yesus kita'kan s'lalu berbuat baik setiap hari.....*Refr:*

c) Pandhita : maosaken **Yokanan 17 : 1 - 11**

d) Pandhita : (*iringan gremengan Gender*)

5 6 6 6 6 6 6  
Ra-ha- yu sa -ben ti - yang  
6 5 5 5 5 5 ' 5 5 5 5 5 6 5  
Ingkang mi- reng-a - ken Sab-da- ni-pun Gus - ti  
5 3 3 3 3 3 3 3 3 3 3  
Lan nindak -a - ken kar- sa- ni -pun Gus- ti  
3 5 6 6 6 5 6 5  
Ing ge -sang pa-din- te - nan  
3 2 3 2 1  
Ha- le- lu - ya.

Pasamuwan : *Buka Demung* . . 5 6 5 3 5 6

. . 5 6 5 3 5 6 . . 5 6 5 3 5 6

Haleluya Amin Haleluya Amin

. . 5 6 1 2 3 2 . . 1 3 2 1 2 (1)

Haleluya Amin Haleluya Amin

e) Pandhita : Paladosan Khotbah

f) Irarah-irahan : “Katunggilaken ing Pandonga, Kabereg ing Wisesa-Nya”

g) Ancas : Pasamuwan dipun ajak kangge manunggal dhumateng Allah ing pandonga, satemah pasamuwan ugi tansah nggadhahi kakiyatan dados paseksinipun Gusti.

h) Wekdal Ening: **Pisungsung Pepujen** dening **Bp. Ari Supomo** lan **Ibu Christin Agus** kanthi tembang **Macapat**.

## 12. Brunch Tumpeng HUT GKJ Ambarrukma

**Liturgos** : Pasamuwan ingkang kinasih, ing wekdal pangibadah menika kita ugi mengeti ambal warsa GKJ Ambarrukma ingkang kaping 62 (suwidak kalih). Pramila kangge pratanda suka bingah kita sami neksemi brunch tumpeng kairing pepujen **“Selamat Ulang Tahun Gerejaku”**. Wekdal saha papan sakcekapipun kawula aturaken Ibu Pandhita.

*(\*Liturgos membantu menyiapkan ubarampe piring kecil dan centong untuk brunch tumpeng, 3 orang perwakilan dari jemaat yang sudah ditunjuk usher untuk maju menerima potongan tumpeng dari pendeta)*

### **“Selamat Ulang Tahun Gerejaku”**

Betapa besar kasih Tuhan untuk setiap orang yang mau percaya  
Dihimpun tuk jadi gereja dan kamilah yang menjadi warganya  
Tuhan selalu kan beserta dalam suka dan duka yang terjadi  
Membuat hidup bahagia kami mau setia sampai nanti

Refr:

S'lamat ulang tahun gerejaku yang tercinta anugrah Tuhan Yesus  
Sekian lama diberkati dan kini dipanggil jadi berkat  
Doa dan harapan yang terbaik tuk GKJ Ambarrukma tercinta  
Jadilah alat berkat Tuhan dan inilah doa dari hati: S'lamat ulang tahun!

### **13. Pisungsung**

**Imam** : “Pasamuwan ingkang dipuntresnani Gusti. Berkahipun Gusti tansah linuber lumintu kababar ing gesang kita sami. Ing pangibadah menika, kita badhe nyaosaken pisungsung dumateng Gusti minangka cihnaning raos sokur kita.

Pisungsung wekdal menika kapantha dados tigang kanthong, kanthong setunggal kagem pasamuwan, kanthong kalih kagem kesaksian pelayanan, lan kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya éméritus. Pisungsung mirunggan **Caos Sokur HUT GKJ Ambarrukma** saged dipun lebetaken ing kotak ingkang sampun kacawisaken.

Lan ingkang ngersakaken caos pisungsung kanthi migunakaken aplikasi m-banking, sumangga saged mawi scan kode QRIS ingkang sampun cumawis, katèmpèl wonten palenggahan.

Tetales pisungsung kapethik saking serat **Kolose bab Tiga ayat Gangsal Welas lan Nembelas (Kolose 3 : 15 - 16)** ingkang mekaten suraosipun: **“Muga tentrem-rahayune Gusti Kristus ngereh ana ing sajroning atimu, marga iya kaya mangkono iku anggonmu padha katimbangan dadi badan siji. Sarta saosa sokur. Muga pangandikane Sang Kristus dumunung ana ing antaramu kalawan luber, satemah anggonmu padha wuruk-winuruk lan eling-ingelingake nganggo sakehing kawicaksanan apadene sinambi nglagokake masmur lan puji-pujian sarta kidung kasukman, kowe padha saos sokur marang Gusti Allah sajroning atimu.”**

Kita aturaken pisungsung wonten ngarsanipun Gusti, kanthi repening pepujen **“Caos Pisungsung” (Lancaran Laras Pelog Pathet Nem)**

- |   |   |
|---|---|
| <p>(1) Caosa pisungsung mring Hyang Ma Agung<br/>Krana gunging sih rahmat datan kendhat<br/>Bandha arta lan pethingan<br/>Gesang tansah binerkahan.</p> | <p>(2) Tangan suku kula tansah makarya<br/>Mrih sesami nampi berkahing Gusti<br/>Nampeni berkahing Gusti<br/>Ngantos dumugeng wekasan.</p>  |
|   | <p>(3) Bandha kasugihan wah kasagedan<br/>Gesang sawetahnya pisungsung nyata<br/>Pisungsung nyata dadosa<br/>Mrih kamulyaning Pangeran.</p> |

**14. Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

**15. Liturgos :** “Bapak, Ibu, lan Sedhèrèk kinasih ing Gusti Yesus Kristus, sumangga sesarengan kaliyan tiyang pitados ing pundi-pundi papan, kita sami nélakaken **Pangaken Pitados Rasuli**. *Pasamuwan kula suwun jumeneng ....*

- Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- Saking ngriku inggih badhe rawhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- Punapa-dene pangapunteing dosa.
- Tanginipun raga.
- Sarta gesang langgeng.

**16. Pandhita : Paladosan Berkah**

**17. Liturgos :** “Pradataning Pasamuwan ngaturaken panuwun awit peladosanipun Ibu Pandhita Nugraheni Siwi Rumanti lan sadaya paraga ingkang sampun nyengkuyung lampahing pangibadah Minggu punika, ugi pasamuwan ingkang rawuh lan nderek ing pangibadah.

Ing pahargyan ambal warsa GKJ Ambarrukma menika, sak derengipun kondur, sumangga pasamuwan kaaturan nampi unjukan sak uba rampenipun ing papan ingkang sampun cumawis.

Sumangga sesarengan kita pungkasi pangibadah punika kanthi repening kidung  
**“Purnaning Pangabekti” (Lancaran Laras Pelog Pathet Nem)**

(1) Pinujia nggih Allah Sang Rama,  
Wah Sang Putra lan Roh Suci,  
Purna pangabekti aneng greja,  
Ngrasuk gesang saben ari.

Refr:  
Payo nindakna kang trusing ati,  
Sabdaning Gusti sung Gesang yekti,  
Sinartan dening berkahing Gusti,  
Sung sih rahmat mring sesami.

(2) Pangabekti sestu pangibadah,  
Lamun Gusti kang den sembah,  
Kraharjaning pepadha den udi,  
Jagad ramya tentrem yekti.....Refr:

**18. Liturgos :** “Mekaten lampahing pangibadah ing enjang menika sampun paripurna. Sugeng dinten Minggu, sugeng mahargya ambal warsa GKJ Ambarrukma ingkang kaping suwidak kalih, sugeng kondur, Gusti tansah paring berkah tumrap sedaya.”